

BAB I

BUBUKA

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan (tujuan umum jeung tujuan husus), mangpaat panalungtikan (mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis) jeung raraga tulisan.

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina kahirupan basa jeung budaya Sunda, karya sastra lain barang anu anyar. Lantaran, karya sastra Sunda téh sok ngagambarkeun sagala hal anu patulapatalina jeung kahirupan masarakat Sunda boh tina segi budaya atawa tina segi basa. Karya sastra anu minangka wujud tina éksprési atawa gagasan pangarang teu dijieu sagawayah, tangtuna waé saacan éksprési jeung gagasan ieu ngajangélék jadi karya sastra, tangtuna ngaliwatan prosés kréatif nu engkéna bakal ngajangélék jadi karya sastra nu orisinil. Karya sastra sunda saéstuna geus aya leuwih tihela tibatan karya sastra Indonesia, hal ieu kabuktian lantaran nu jadi indung tina karya sastra Indonesia nyaéta novél *Azab dan Sengsara* nu medal dina taun 1920. Ieu pamadegan téh dibuktikeun ku medalna novél *Baruang ka nu Ngarora* karya DK Ardiwinata taun 1914. Lantaran hal éta hartina sastra Sunda modern leuwih heula genep taun tibatan novel *Azab dan Sengsara* karya Merari Siregar nu marajian lahirna sastra Indonesia modérn jeung novél Jawa munggaran karya Radén Mas Sulardi nu judulna *Serat Riyanto* nu sarua medal dina taun 1920 (Koswara, 2021, kc. 4).

Novél-novél Sunda ngagambarkeun hirup kumbuhna masarakat Sunda dina rupa-rupa unsur. Tangtuna waé eusi tina novél-novél Sunda aya nu faksi, aya ogé nu dijieu alatan pangalaman hirup pangarang atawa saluyu jeung kahirupan nu karandapan hiji jalma. Ku kituna, eusi tina novél téh gumantung kana kréatifitas pangarangna. Contona waé dina Novél *Balaganjur* dicaritakeun kumaha hirup kumbuhna masarakat jaman penjajahan Walanda jeung Jepang tur sumangetna jalma-jalma mangsa harita pikeun ngahontal kamerdékaan Indonesia. Juragan Wira nu jadi lalakon utama kudu matotoskeun sagala rupa pasualan kalawan wijaksana sangkan masarakat teu kabawa ku napsu tur aya dina jalan nu diridoan ku Pangéran.

Nuturkeun kamekaran novél Sunda, novél Sunda teu ngan saukur nyaritakeun kahirupan jaman baheula. Alur, Téma jeung rupa-rupa pasualan ditembrakeun luyu jeung jaman ditulisna éta novél. Ku kituna panalungtik téh kataji pikeun nalungtik salah sahiji Novél Sunda, nyaéta Novél *Balaganjur*. Novél *Balaganjur* ditulis ku Syafé'i Bastaman saméméh anjeunna ngantunkeun dina 11 Januari 1996. Sanajan kitu ieu novél teh mimiti medal namah dina 26 April 2023 anu dilalakonan ku H.D Bastaman. Saacan Syafé'i Bastaman ngantunkeun, anjeunna kungsi ngirimkeun naskah novél ka H.D Bastaman anu minangka adina pikeun dipedalkeun jadi novél citak.

Ciri has tina Novél *Balaganjur* nyaéta carita nu ngagambankeun suka larana jalma-jalma leutik dina mangsa penjajahan Walanda jeung Jepang, salian ti éta ieu novél téh euyeub ku basa wewengkon Padahérang di Pakidulan Ciamis. Alatan kitu ngirut panalungtik pikeun mikanyaho manusa jeung kabudayaan mangsa harita ngaliwatan ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra. Novél *Balaganjur* téh kawilang karya anyar mun ditilik tina waktu medalna dina 26 April 2023 ngaliwatan panerbit Pustaka Jaya. Sanajan kitu naskah ieu novél mah geus jadi saacan Syafé'i Bastman ngantunkeun.

Syafe'i Bastaman mangrupa pangarang nu lahir dina 17 april 1928. Salah sahiji pangarang nu produktif dina mangsana. Karya-karya Syafe'i Bastaman mindeng kapanggih dina *patahunan*, *panghégar*, jeung *majalah Sunda*. Ciri tina tulisan Syafe'i Bastaman téh sok maké basa sapopoé nu diselapan ku unsur humoristik. Karyana kungsi didokumentasikeun ku Ajip Rosidi nu judulna “*Taptu*” nu mangrupa Sajak jeung “*Si Likur*” nu mangrupa Carpon. Dua karya éta téh dimuat dina *Kanjut Kundang:Prosa jeung Puisi Sunda sabada Perang (1963;2013)*.

Dina unggal mangsa, sastra moal bisa leupas tina hirup kumbuhna masarakat. Nurutkeun Ahyar, sastra mangrupa sarana nembrakkeun ideu atawa gagasan ngagunakeun basa nu bébas tur ngandung perkara nu anyar (Juni, 2019, kc. 1). Ihsan jeung Sisfiyah (2018, kc 34) nétélakeun yén karya sastra mangrupa objék manusiawi, faktor kamanusiaan, atawa fakta kultural, sabab hasil ciptaan manusa. éta pamadegan téh saluyu tur sajalur jeung pamadegan Isnéndés nu nétélakeun yén jejer karya sastra téh enas-enasna mah ngurung sakumna kahirupan manusa

(Isnédés, 2010, kc 16). Tina sawatara pamadegan diluhur bisa disimpulkeun yén sastra mangrupa seni basa nu jadi média komunikasi dina nemberakkeun eksprési dina kahirupan manusa, kalawan métodeu nu has tur bébas dumasar kana élmu jeung kréatifitas pangarangna nu dibahékeun kana karya sastra.

Karya sastra dibagi jadi tilu wangun, nyaéta puisi, prosa jeung drama. Puisi nyaéta karya sastra nu wanganne dibarung ku aturan-aturan nu geus ditangtukeun, saperti Sajak, Pupuh jeung Sisindiran. Sedengkeun Prosa nyaéta karya sastra nu wanganne carita, nu maké basa lancaran tur ngaguluyur nuturkeun kreatifitas pangarangna, diwangun dina paragraf, contona saperti carpon jeung novél. Anapon drama mangrupa wangan karya sastra anu dipagelarkeun sacara langsung ku manusa, nu eusina ngagambarkeun kahirupan manusa nu dilakonkeun. Sakumaha anu geus dipedar di luhur ngeunaan tilu jangre karya sastra, karya sastra *Balaganjur* téh kaasup kana wanda prosa dina wangan novél. Dumasar pamadegan Kustanti (2016, kc. 189) novél mangrupa karya fiksi hasil hayalan jeung naon-naon nu saenyana teu nyampak dina kahirupan nyata. Sedengkeun Rahayu (2021, kc. 45) nétélakeun dina jurnalna yén nu disebut novél téh hiji karya fiksi, prosa nu ditulis naratif dina wangan carita. Tina dua pamadegan di luhur bisa dicindekkeun yén nu disebut novél téh mangrupa hiji karya fiksi nu ngawujud jadi hiji carita tur ditulis dina wangan basa lancaran.

Pikeun ngulik karya sastra, kaasup novél, tangtu moal békkeun bahasseunana, lantaran hirup kumbuhna paélmuan sastra beuki dieu beuki maju tur loba karya-karya sastra nu medal dina unggal taun. Dina hiji karya téh loba nu bisa ditalungtikna, contona waé tina jihat éstética, ajen moral, antropologi, ékologi, stilistika jrrd. Salah sahiji ulikan nu matak kataji ku panalungtik pikeun dipedar dina ieu tulisan téh nyaéta Ulikan Antropologi Sastra. Panalungtik kairut kana kahirupan manusa jeung kabudayaan jalma dina mangsa nu dicaritakeun dina Novél *Balaganjur* karya Syafé'i Bastaman. Nuturkeun kana pamadegan Ratna Antropologi Sastra mangrupa analisis jeung pamahaman dina patalina karya sastra jeung kabudayaan (Ratna, 2011, kc. 152).

Tina pamadegan nu geus dipedar di luhur, katitén yén ajén-ajén kabudayaan nu aya di masarakat dina mangsana, bisa katitén tina hiji karya sastra dina mangsana. Tangtuna waé ku cara maké Ulikan Antropologi Satra. Kahirupan

manusa, kabudayaan, mitos, pakasaban jeung sistem basa mangrupa réalitas Sosial nu jadi bahan dina nyiptakeun hiji karya. Réalitas sosial nyaéta kahirupan sosial nu kaalaman sacara nyata dina karya sastra (Kartikasari, spk., 2014, kc. 53).

Réalitas manusa nu moal leupas tina mangsa heubeul, kaarifan lokal, folklor (tradisi lisan jeung tulisan) sarta mitos nu jadi cukang lantaran dilaksanakeunnana ieu panalungtikan. Pangabutuh manusa kana kahirupan nu répéh-rapih jeung misahkeun antara nu bener jeung nu salah, pikeun sampeureun jaga di ahérat mangrupa warisan ti jaman mimiti manusa diciptakeun. Éta pangabutuh téh tuluy diturunkeun sacara turun-tumurun ka anak incu ngaliwatan élmu pangaweruh nu dibarengan ku élmu agama. Pamacetakan jeung pikiran manusa moal eureun pikeun néangan bebeneran nu sajati jeung pinasti pikeun meunang karidoan Pangéran. Réalitas sosial téh nyaéta prosés dimana manusa ngalakukeun interaksi jeung ngawangun réalitas-réalitas atawa kanyataan dina karya sastra (Dharma 2018, kc. 19). Pangabutuh manusa kana bebeneran téh kagambar dina Novél *Balaganjur* yén dina sanggeus solat maghrib sakabéh masarakat pilemburan ngariung pikeun ngaji jeung ngaregepkeun kasauran Juragan Wira ngeunaan kaagamaan di tajug.

Kabudayaan jeung ciri has unggal wewengkon mangrupa interprétasi tina kaarifan lokal. Biasana, masarakat téh sok miboga kabiasaan nu dilaksanakeun kalawan turun-tumurun tur dilaksanakeun dina waktu nu geus ditangtukeun. Éta kabiasaan téh mangruppa conto kaarifan lokal. Tangtuna waé dina unggal patempatan miboga kaarifan lokal nu béda-béda. Kaarifan lokal mangrupa bebeneran nu geus jadi tradisi jeung ajeg di hiji patempatan, kaarifan lokal miboga nilai kahirupan nu luhur, jeung pantes pikeun tuluy ditalungtik, dikembangkeun jeung dimumule salaku antitesis atawa parobahan sosial budaya jeung moderennisasi Rinitami Njatrijani (2018, kc 19). Contona waé nadran dina mangsa lebaran nu ukur dilaksanakeun ku urang Indonesia. Éta kabiasaan téh moal kapanggih di nagara séjén. Dina novél *Balaganjur*, kaarifan lokal kagambar dina *Pesta Raja* anu minangka tradisi pikeun *tasyakur bi ni'mah*.

Folklor mangrupa kabudayaan kolektif anu sumebar di masarakat jeung diwariskeun sacara turun-tumurun, di antara kolektif naon waé, sacara tradisional dina versi nu béda-béda, boh dina lisan boh gerak isyarat atawa alat (Endraswara,

2013, kc. 2). Folklor tradisi lisan jeung sastra tulisan kaasup ogé ciri has masarakat unggal wewengkon. Ari bédana dina folklor mah ciri has masarakat téh dihereutkeun jadi produk-produk kabudayaan boh sacara lisan atawa sacara sastra lisan, nu diturunkeun ka unggal generasi. Wangun tradisi lisan bisa diébréhkeun ku sarupaning barang saperti pakakas atawa kadaharan. Sedengkeun Sastra Lisan mah ngawengku paribasa jeung babasan nu sumebar di masarakat.

Mitos nu hirup di masarakat tangtuna waé teu bisa dipohokeun. Réana mitos geus jadi salah sahiji ciri di Tatar Sunda. Mitos teu ngan saukur pikeun nyingsieunan jalma, nilik kana hal-hal anu dijadikeun mitos di Tatar Sunda téh taya lain keur ngajaga kasalametan manusa. Peursen (dina Sartini, 2014, kc 205) nandeskeun yén mitos mangrupa hiji carita nu méré pedoman jeung arah tinangtu pikeun sakelompok jalma, mitos di masarakat bisa ngawujud carita ti omongan ka omongan jalma atawa ngawujud budaya saperti tari jeung pintonan wayang. Mitos teu ngan saukur nyoko kana hal-hal mistis nu patali jeung hal-hal ghoib. Dina kamekaranna, mitos miboga harti nu lega, kaasup kakuatan do'a atawa kayakinan dina hiji agama ogé bisa ditalungtik minangka mitos, ku sabab, patalina do'a jeung kayakinan teu bisa dijelaskeun kalawan logis kumaha prosés jeung kalaksanana.

Panalungtikan ngeunaan hirup kumbuh manusa teu salilana kudu dilaksanakeun secara langsung dina kahirupan masarakat, tapi bisa ogé ku ngaguar hiji karya sastra, lantaran jadina hiji karya sastra téh teu bisa leupas tina kahirupan nu lumangsung jeung dirandapan ku pangarangna. Antukna datang gagasan ka pikiran panalungtik pikeun ngaguar jeung nalungtik hiji karya sastra ngagunakeun pamarekan Antropologi, pikeun ngaguar ngeunaan manusa jeung kabudayaan nu nyampak dina karya sastra, sangkan mikanyaho tapak lacak manusa jeung kabudayaan nu nyampak dina mangsa nu ditulis dina eusi novél. Anapon karya sastra anu jadi objék pikeun ditalungtik ku panalungtik nyaéta novél *Balaganjur* karya Syafé'i Bastaman.

Dina panalungtikan novél téh teu ngan saukur maké tiori Antropologi Sastra. Dina prakna ulikan karya sastra tangtu moal bisa leupas tina pamarekan Struktural. Sakumaha nu dipedar ku Isnendés “Tiori Struktural nyaéta anggapan yén karya sastra mangrupa struktur anu otonom anu ngan bisa dicangkem

maksudna tina hiji gemblengan nu diwangun ku unsur-unsur nu ngarojongna” (Isnendés, 2010, kc. 91). Aristoteles, nandeskeun pikeun meunangkeun plot nu hadé tangtuna kudu boga konsep anu sagemblengna (*wholeness*) anu diwangun ku opat sarat nyaéta; 1) *order* (aturan atawa urutan nu konsisten), 2) *amplitude* atawa *complexity* (luasna ruang lingkup jeung komplekna masalah), 3) *unity* (sakabéh plot silih lengkepan), jeung 4) *connection* atawa *coherence* (hubungan nu nyambungkeun sakabéh unsur) (Isnendés, spk, 2018, kc. 74). Kituna panalungtikan ieu téh maké tiori struktural Robert Stanton nu ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku, jeung watek sarta latar), jeung Sarana sastra (Judul, puseur implengan, jeung gaya basa).

Antropologi jeung sastra lamun ditingali tina tapak lacakna mangrupa dua widang paélmuan anu geus kolot. Waktu jadi antropologi sastra tangtuna waé mawa konsép-konsép anyar anu ngadumaniskeun dua paélmuan, teu bisa dipisahkeun tapi silih kuatkeun, ngan objékna hungkul anu ngabédakeunna (Isnendés, 2023, kc. 4). Pikeun maluruh objék nu bisa ditalungtik ku pamarekan antropologi sastra téh tangtuna waé kudu apal heula wilayah atawa bagéan-bagéan tina antropologi sastrana. Ratna nétélakeun yén “antropologi sastra aya dina tilu wilayah anu ciri-cirina, nyaéta sistim simbol, manusa berbudaya, jeung tradisi lisan” (Ratna, 2011, kc 158). Ieu pamadegan téh dideudeulan ku Isnendés (2023, kc. 4) “objek panalungtikan antropologi sastra nyaéta manusa (palaku) nu hirup dina teks jeung muatan budaya anu ditransmisikeun dina unsur-unsur sastra nu kasualitas nepi ka logika sastrana bisa dipikapaham.

Lahirna pamarekan antropogi sastra ngaliwatan hiji kongrés anu di jerona medar tilu aspek utama anu ngagelarkeun pamarekan antropologi sastra, nyaéta: 1) boh sastra boh antropologi nganggap yén basa téh mangrupa objék penting, 2) dua disiplin élmu ieu masualkeun relevansi manusa jeung budaya, jeung 3) dua disiplin élmu ieu ogé masualkeun tradisi lisan, hususna carita rahayat jeung mitos (Ratna, 2013, kc 352-353). Ku sabab kitu, aspek nu kadua remen nimbulkeun pasualan dina ngabédakeun watesan panalungtikan antara antropologi jeung sastra. Kaonjoyan antropologi sastra nyaéta bisa maham karya sastra tina sawangan budaya, ngabeungharan sawangan ngeunaan sastra, jeung ngeuyeubkeun widang studi ngeunaan antropologi sastra. Anapon kahéngkéranna

nyaéta hésé ngalarapkeunna, kurang objékna, teu salawasna luyu, jeung kawatesan ku data.

Panalungtikan antropologi sastra téh kawilang anyar saupama dibandingkeun jeung kamekaran paélmuan sastra anu séjén. Aya sababaraha panalungtikan nu sawanda jeung ieu panalungtikan, diantarana: “Novél *Dina Kalangkang Panjara* Karya Ahmad Bakri (Ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra)” anu ditalungtik ku Deni Ramdani taun 2023. “Novél *Burak Siluman* Karya Moh Ambri (Ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra)” anu ditalungtik ku Tina Noviyanti taun 2023. “Novél *Imah Agréng* Karya Aam Amilia (Ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra)” anu ditalungtik ku Fajar Purnama Sidik taun 2022. “Novél *Sasalad* Karya Dadan Sutisna (Ulikan Struktural Jeung Antropologi Sastra)” nu ditalungtik ku Pramoni Binargian taun 2021 jeung “Novél *Munjung* Karya Moh Ambri (ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra)” anu ditalungtik ku Yusuf Ramdani taun 2020. Salian ti éta, aya sababaraha jurnal anu eusina nalungtik ngeunaan antropologi sastra di antarana; “Representasi Pewayangan modern: kajian antropologi sastra dalam Novel *Rahvayana Aku Lala Padamu* Karya Sujiwo Tejo” anu ditalungtik ku Diki Febrianto (2019). “Nilai sosial Budaya dalam Novel *Namaku Teweraut* Karya Ani Sekarningsih (Pendekatan Antropologi Sastra)” anu ditalungtik ku Imelda Hutabarat (2019). “Wacana Perempuan Sunda Bihari, Kamari dan Kiwari dalam kajian Antropologi” anu ditalungtik ku Retty Isnéndés (2023).

Bébédana panalungtikan ieu jeung panalungtikan saméméhna nyaéta dina objékna. Novél *Balaganjur* karya Syafé'i Bastaman nu jadi puseur ieu panalungtikan téh mangrupa novél anyar nu nyaritakeun kahirupan jalma-jalma leutik dina mangsa penjajahan Walanda jeung Jepang. Udagan tina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun neuleuman deui kamekaran kabudayaan Sunda dina unggal mangsa sangkan teu kapopohokeun utamana dina kamajuan jaman kiwari nu lobana datang kabudayaan ti luar. Tangtuna salaku pribumi urang kudu bisa nurunkeun kabudayaan urang jeung karuhun ka anak incu nu hirup di jaman kiwari. Nuturkeun kamajuan jaman diwenangkeun tapi sing inget tong nepikeun ka “*Jati Kasilih Ku Junti*”.

1.2 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan téh dilakukeun pikeun ngaguar dua pasualan inti. Anapon pasualan éta dirumuskeun ngaliwatan rumusan masalah di handap:

- a. Kumaha struktur carita dina Novél *Balaganjur* karya Syafé'i Bastaman ?
- b. Naon waé unsur antropologi sastra nu kasampak dina Novél *Balaganjur* karya Syafé'i Bastaman?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung husus, anapon leuwih jelasna didéskripsikeun di handap;

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaguar struktur novél *Balaganjur* karya Syafé'i Bastaman sanggeus kitu, sakabéh hasil tina unsur-unsur nu ditalungtik téh diguar deui kabudayaanana pikeun mikanyaho lewih jero ngeunaan aspek antropologi sastra nu nyampak dina novél *Balaganjur* karya Syafé'i Bastaman.

1.3.2 Tujuan Husus

Anapon tujuannm husus dina ieu panalungtikan téh pikeun ngadéskripsikeun dua pasualan inti nyaéta;

- a. struktur carita anu nyampak dina novél *Balaganjur* karya Syafé'i Bastaman;
- b. unsur Antropologi sastra anu nyampak dina novél *Balaganjur* karya Syafé'i Bastaman.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku dua rupa mangpaat. Anapon mangpaatna ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun jadi hiji karya ilmiah anu nambahana kabeunharan élmu sastra, hususna dina widang antropologi sastra Sunda. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé baris jadi bukti yén ulikan antropologi sastra téh kacida pentingna pikeun kahirupan manusa jeung

kabudayaan masarakat Sunda ti mangsa ka mangsa. Hal ieu bisa ngagambarkeun kaayaaan manusa jeung budaya dina mangsa ditulisna ieu novél.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan téh tangtuna waé miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak, diantarana;

- a. pikeun panalungtik, ngamekarkeun paélmuan tur mikanyaho struktur jeung aspék-aspék antropologi sastra dina novél *Balaganjur* karya Syafé'i Bastaman.
- b. pikeun masarakat umum, ieu data panalungtikan téh bisa nambahán élmu pangaweruh tur méré tapak lacak anu ngarojong kana mekarna kasusastaan Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Anapon raraga tulisan dina panalungtikan téh nyaéta saperti di handap.

Bab I Bubuka. Sakumaha ilaharna dina bab I, dina bab ieu dipedar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan dina nyususn Skripsi.

Bab II Ulikan Tiori. Dina bab ieu ngawengku ngeunaan tiori-tiori nu aya patalina jeung sastra, novél, struktural jeung antropologi sastra, panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir

Bab III Métode Panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, téhnik panalungtikan, intrumén panalungtikan, data jeung sumber data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran. Dina ieu bab mangrupa eusi pokok nyaéta ngadéskripsikeun ngeunaan struktur carita jeung antropologi sastra dina novél *Balaganjur* Karya Syafé'i Bastaman.

Bab V Kacindekan, Implikasi Jeung Rekomendasi. Dina ieu bab mangrupa bab pamungkas, anu tangtuna medar ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rekoméndasi pikeun pananglungtikan ka hareupna.